

## **COVID-19 UPDATE 29 JULY 2020 :Chii chashanduka**

### **KEMH TESTING**

Pakaitwa ma test 1988 pakaonekwa pasina ane Covid mumazuva zana apfuura.

#### **Antibody testing (kuvhenekwa kwemasoja emuviri)**

Kusvika musi wechishanu 31 July veKEMH vachange vachiita chimwe chikamu che SARS-cov-2 antibody testing , kutsvaga ma antibodies anokonzena hutachiwana hwecovid-19 . Antibody testing (kutariswa kwemasoja emuviri) inokwanisa kutarisa kuti munhu akamboita hutachiwana hunokonzena covid-19 here , kuburikidza nekutarisa ropa remuviri.

A positive test - inoreva kuti munhu akambobatwa nehutachiwana hwe covid-19 pane imwe nguva , zvinogona kuve mumazuva gumi apfuura , uye anenge aita ma antibodies kuhutachiwana.

A negative test - inoreva kuti hapana kubatwa ma antibodies anokonzena hutachiwana hwe covid-19 muropa rako.

Veruzhinji vese vangade kuita kana kutora matest e antibody vanokwanisa kubata veKEMH parunhare pa 28000 kuti vapiwe nguva nezuva ravanga kwanise kuenda kuchipatara.

#### **Kutarisa kuti vanhu vari kutevera mitemo mitsva yekuzviparadzanisa uye kutarisa kurarama kweavo vari ku zviparadzanisa kubva kunevamwe**

Kutevera kuunzwa kwemitemo mitsva yekuzviparadzanisa , vose vanosvika mu Falkland Islands vanofanirwa kупедза mazuva gumi nemana vakazviparadzanisa kubva kune vamwe.Mukati memazuva maviri ukushanda wasvika mu Falkland Islands,vose vari kuzviparadzanisa kubva kune vamwe munotarisira runhare kubva kuKEMH kuti vatarise hutano hwavo uye kuti vaone kuti vanonzvisisa zvese zvinodiwa pakugara wega (ku zviparadzanisa nevamwe) uye kuti ndiani wavanogona kubata kana vachida rubatsiro. Pamusoro pezvo, kuitira kuti vatarise kuti muri kutevedza mutemo uye kuongorora hutano, vari kuzviparadzanisa nevamwe vanogona kubatwa panhare kana kushanyirwa ne mapurisa eRoyal Falkland Islands kana kutambira runhare kubva kuSocial Services panguva yavanenge vachizviparadzanisa nevamwe.

### **EXTENSION OF COVID-RELATED ECONOMIC SUPPORT SCHEMES**

Nhasi, Chitatu 29 Chikunguru 2020 ExCo yakatendera kuwedzerwanguva yekuramba vachipa rubatsiro kune avo vanozvishandira, vasiri kukwanisa kushanda pamwe nemabhizimusi mabasa uye zvirongwa zvekupiwa mari zvakanangana ne dambudziko reCovid-19, uye parizvino izvi zvirikuitwa neve Treasury neFIDC. .Zvirongwa izvi zvafanira kupera musi wa 31 Chikunguru( july), zvave kuwedzerwa kusvika musi wa 30 Gunyana (September).Kuongororwa kwe zvirongwa izvi kuchaitwa zve musiwa 23 Nyamavhuvhu (September) usati wadiraka .

Zvirongwa izvi zvakawedzerwa mazuva kutsigira zvikamu zvehupfumi izvo zvicharamba zvichikanganisa nekuda kwedenda re coronavirus . Pamusoro pezvo kuwedzerwa kwemazuva kuchabatsira kuenderera mberi kwezvирongwa izvi uye KEMH ichaudza vanhu vane zvichiratidzo nevavano gara navo kuti vazviparadzanise nevamwe.

FIG ichaenderera mberi nekutsigira zvirevo zvekuparadzanisa vanhu, maererano nezvinotevera:

- \* Vanhu vane zvese zvinodikanwa maererano nenhungamiriro yakapiwa yezvирongwa(scheme)
- \* kutarisa neve KEMH kuti vatsigire kuti munhu wacho akaudzwa kuti azviparadzanise nevamwe here uye nenguva yekuzviparadzanisa nevamwe.

Izvo zvakambobvumidzwa zvekuderedza kwemagetsi uye zvekusa kubhadhara mari dzema( service charges) kwemwedzi mitatu zvichapera , sevakambozivisa ,mushure memusi wa 31 Chikunguru 2020.

Kufungisisa kunoenderera mberi kupihwa nekutarisa mabhizimisi ayo anogona kubatwa zvakanyanya nemitemo irikuiswa maringe nenguva mitemo iyi icharamba iripo uye mabatiro airikuita mabhizimisi akafanana ne chikamu chekushanya (Tourism sector).

### **Basa ririkuitwa maererano nemabhizimusi ekushanya (tourism sector)**

Hurumende yeFalkland Islands iri kuita basa guru rekuongorora mhedzisiro ingavepo mushure medenda reCovid-19 maererano nema bhizimusi ekushanya. Munguva yese iyi FIG iri kushanda zvakanyanya nemabhizimisi iwaya emuno zvese neekunze kwenyika, uye neFalkland Island Tourist Board uye Falkland Islands Tourism Association kuti ive nechokwadi chekuti zvingangoitika zvive zvinonzwisisika.

Bato rekushanya yepasi rose rakanganisa zvakanyanya, uye mamiriro ezhinhu anorambo achifashukira nenjaya zhinji dzisinga kwanise kugadzirwa neve FIG. Chinangwa cheiri basa ndechekuti FIG ingatora matanho akaita sei kuti itsigire mabhizimusi ekushanya emuno mumwaka unouya, uye kuti ive iri nani mune ramangwana.

Pakati pezviri kukurukurwa pane zvingaitwe neFIG maererano nekuzvipakudzanisa nevamwe uye kuiswa kwemitemo pama boarder ,uye kutsigira maindastiri anotsigira kipiwa kwemari kuitira kuti vanhu vade kushanya muno uye kuita ma investment munzvimbo dzinoshanyirwa neveruzhinji maererano nemabhizimusi ekushanya kuitira kuti vavandudze ruzivo rwevashanyi mune ramangwana.

Kune misangano yakati wandei uye maworkshop ari kuitirwa pamwe neMLAs vhiki rino, uye ruzivo rwuchagoverwa muvhiki kutanga 3 Nyamavhuvhu.

## **Ziviso yekuwana UK VISA**

United Kingdom visa application centre iri muNew York yakavhurwa zvakare musi wa13 Chikunguru 2020. Vanhu vanoda ma visa eku UK kuti vafambe kubva kuFalklands vanozofanirwa kuendesa magomu pane [www.gov.uk](http://www.gov.uk) vobata veCustoms & Immigration Service kuti vaite zvema biometric sezvakakodzera. UK Visa waiver zvichangotariswa kana paita njodzi huru sekunge kufamba nezvikonzero zvakanyanya kukosha,kana urwere

UK Visa application centers mune dzimwe nyika dzichivhurwazve. Vanhu vanoda ma visa ekupfura nemu UK kuti vafambe kuenda kuFalklands vanofanirwa kutanga vatarisa kuti zvinoita here kuti vawane visa munyika mavo kana nyika iri pedyo vasati vaita chikumbiro chekufamba vasina visa uye zvakakodzera here kuita izvi.

Mirayiridzo yakazara yemaitiro aungaite kuti uwane visa reku eUK kubva kuFalklands inogona kuwanikwa pawebsite pa<https://www.gov.uk/government/publications/falkland-islands-apply-for-a-uk-visa/apply-for-a-uk-visa-in-the-falkland-islands>

Vashandi veCustomers & Immigration Service havazi UK immigration advisors(vanopa mazano). Ibasa remunhu ari kuda visa kuti ave nechokwadi chekuti anyora uye kupa zvese zvinodikanwa pakuwana visa sezvakakodzera.

## **ZIVISO KUBVA KUNE VE LATAM**

LATAM neFIG vanotiudza kuti ichokwadi kuti kuenda nekuSao Paolo kwambomiswa kusvika pakupera kwaSeptember 2020, uye kuri kuongororwa zvakare nezvenguva inotevera.

Sezvakaziviswa munajune 2020, nzira yePunta Arenas-Santiago icharamba yakamiswa kusvika pakupera kwaNyamavhuvhu, uye LATAM ichaongorora mamiriro ezvinhu pedyo nekupera kwenguva iyoyo.

Ndege dzinotisanganisa nedzimwe nyika dzakakosha kune ramangwana rehupfumi hwe Falkland Islands uye kuti tive nehupenyu hwakanaka.

FIG inoramba ichiongorora uye nekutarisa mamiriro ezvinhu neLATAM nguva nenguva uye zvimwe zvingade kuzivikanwa zvichapihwa munguva yakakodzera.